



RESOUS AK ENFÒMASYON POU LOKATÈ YO

Obligatwa dapre Lwa sou Notifikasyon Estabilite Lojman (Housing Stability Notification Act) an

Si ou se yon rezidan Boston, ou gendwa elijib pou resevwa èd nan men ajans ki annapre yo. Sèten limit nan revni ak lòt kritè elijibilite gendwa aplikab.

Pou jwenn èd pou rezoud kesyon pwopriyetè/lokatè, pa egzanz degèpisman, asistans pou chèche lojman, referans pou sèvis jiridik ak aplikasyon pou èd finansyè, al gade nan: **boston.gov/housing-stability** oswa **rele nan (617) 635-4200**.

Pou jwenn èd pou lwaye, peman lwaye ki dwe epi/oswa pou depans pou demenajman, al gade nan:
Fon Sekou pou Lwaye Eta a (State Rental Relief Fund, RAFT)
mass.gov/guides/facing-eviction-we-can-help
Fon Sekou pou Lwaye Vil la (City Rental Relief Fund)
boston.gov/financial-assistance-renters oubyen rele nan 311

Pou èd jiridik ak pledwaye nan degèpisman yo, kontakte:
Great Boston Legal Services
(617) 603-1807
Harvard Legal Aid Bureau
(617) 495-4408
Legal Services Center of Harvard Law School
617-390-2535

DWA LOKATÈ YO NAN DOSYE DEGÈPISMAN BIWO ESTABILITE LOJMAN AN

Li enpòtan pou w konsilte ak yon avoka bonè, jan sa posib. Antanke lokatè, ou gendwa chwazi, **men ou pa oblije**, demenaje anvan dat degèpisman an ki nan Avi pou Degèpi a. **SE TRIBINAL SÈLMAN KI KAPAB BA W LÒD POU W SOTI LAKAY OU.** Biwo Estabilite Lojman an kapab refere w al jwenn yon avoka epi ofri w lòt resous pou degèpisman Al gade nan boston.gov/eviction-questions pou jwenn plis enfòmasyon. **APLIKE POU ÈD AK LWAYE KOUNYE A GENDWA KANPE POU YON TI TAN DOSYE W NAN TRIBINAL LOJMAN AN.**

AVI POU DEGÈPI

Pwopriyetè a bay lokatè a yon Avi Degèpisman (nan pifò ka yo)

- Dire preyavi a pral dpann sou tip lokasyon an. Nan pifò ka yo, se pral 14 oubyen 30 jou oubyen yon delè preyavi lokasyon.

PLENT NAN TRIBINAL LA

Pwopriyetè a bay lokatè a yon Plent pwosedi somè

- Yon ajan epesyal/sheriff dwe remèt Asiyasyon ak Plent yo nan lamèn OUBYEN yo dwe kite dokiman yo nan apatman lokatè a epi voye li nan kourye lapòs 1ye Klas.
- Konvokasyon an pral liste adrès tribinal la epi ou pral resevwa yon notifikasyon tribinal la voye ki gen dat ak kilè odyans ou pwograme. **FÈ ATANSYON POU SONJE DAT SA YO — SI OU PA ALE NAN TRIBINAL, YO GENDWA PASE YON JIJMAN OTOMATIKMAN KONT OU.**
- Gen kèk odyans ki pral fèt atravè Zoom. Si w bezwen aksè nan yon konpitè, tanpri rele youn nan resous jiridik ki endike anlè a.
- Lokatè a pral pwobableman gen omwens 2.5 semèn preyavi konsènan dat tribinal la. W ap jwenn plis enfòmasyon konsènan dat tribinal la nan masscourts.org
- Pandan odyans ou an, ou kapab gen aksè a yon avoka gratis. OU DWE MANDE POU PALE AVÈK AVOKA SA A.**

DEPOZE YON REpons AK YON DEMAND POU YON PWOSÈ AK JIRI

Lokatè an gen dwa pou depoze yon Repons ak Demand pou yon Pwosè ak Jiri, epi lòt dokiman yo anvan dat limit la oplita ("Dat Repons la") nan Plent la

- Lokatè a ta dwe prezante dosye li devan tribinal la epi bay pwopriyetè a (oubyen avoka pwopriyetè a) yon Repons ak yon Demand pou Pwosè ak Jiri 3 jou anvan premye evènman nan Tribinal la.
- Repons la eslipe nenpòt argiman defans oswa demand rekonvansyonèl lokatè a genyen bay reklamasyon pwopriyetè a pou posèsyon, nenpòt lwaye ki dwe ak nenpòt vyolasyon kontra lokasyon an. Demand rekonvansyonèl yo lokatè agen kont pwopriyetè a, tankou move kondisyon oswa move jesyon yon kosyon.
- Nan menm delè sa a, lokatè a gendwa pou depoze epi remèt ofisyèlman demann pou chèche fè yo (demann enfòmasyon nan men pwopriyetè a konsènan dosye a) ak Demann pou yon Pwosè ak Jiri.
- ENFÒME TRIBINAL LA KE OU TE APLIKE POU ÈD AK LWAYE. SA GENDWA KANPE POU YON TI TAN DOSYE DEVAN TRIBINAL LOJMAN AN.**

Itilize kòd QR lan oubyen al gade nan bit.ly/hsnainformation pou wè dokiman sa a nan lòt lang.

Dokiman sa a se pou bay enfòmasyon sèlman epi se pa yon konsèy jiridik li ye ki soti nan men oswa pou kont Vil Boston.

